

## Netwayaj Modpas

*Dekouvri fason pou kreye modpas sekirize ki solid ak kijan pou pwoteje yo*

### 1. Kisa Ki Modpas Solid? Poukisa Pou Kreye Yo?

Modpas ki solid yo se yon aspè esansyèl nan netwayaj global modpas. Yon modpas ki solid se yon bagay ki pa fasil pou devine oswa pirate.

Modpas ki solid fè li pi difisil pou pirat oswa lòt moun jwenn aksè ki pa otorize ak kont ou epi pou yo vòle done ak enfòmasyon pèsònèl ou.

Men modpas ki solid ka difisil pou sonje. Reflechki pou itilize yon jesyonè modpas pou ede w sonje modpas sekirize ki solid ou yo!

### 2. Karakteristik yon Modpas ki Solid

Itilize pi bon pratik ki annapre yo pou modpas ou yo:

- Toutotan modpas yo pi long se toutotan yo pi bon
  - Bat pou li genyen omwen 12 karaktè
- Itilize yon melanj karaktè
  - Lèt majiskil ak miniskil
  - Chif
  - Senbòl
- Itilize mo ki pa komen

Sonje pou evite itilize rakousi klavye ki memorab oswa mo ki komen, an patikilye mo tankou “password (modpas),” “login (idantifyan)” oswa “qwerty.” Epi asire w pou w evite itilize enfòmasyon pèsònèl ou nan modpas ou tankou dat nesans ou, adrès ou, non bèt domestik oswa manm fanmi w, elatriye.

# NYC Digital Safety

## Privacy & Security

---

### 3. Modpas Tender Loving Care (TLC) (Swen Afektif ki mande Anpil Atansyon)

Men modpas yo itilize souvan ki ta ka itilize pou kèk TLC. Itilize kaz ki anba a pou pwopoze fason pou ranfòse modpas ki annapre yo.

Modpas	Ide pou ranfòse l	Ki pi bon pratik ou itilize la a?
P4sswOrd		
Fluffy0212		
1234567		
Yankees87 <i>(Ekip espò + ane nesans ou)</i>		
Austin2010 <i>(vwayaj ekstraòdinè + ane a)</i>		
Eva23 <i>(Non pitit ou + ane gradyasyon)</i>		

### 4. Kreye yon Modpas Solid Apati Zewo

Itilize ti konsèy ki annapre yo pou devlope yon modpas ki solid.

#### A.) Itilize yon jeneratè modpas

Jeneratè modpas yo kreye modpas aleyatwa ki difisil pou dechifre. Sèl mizangad ki genyen la a se ke yo difisil anpil pou sonje yo, kidonk ou dwe reflechi pou w itilize yon jesyonè modpas pou estoke yo. Modpas ki jenere yon fason aleyatwa yo kapab yon bon fason pou kreye modpas ki sekirize anpil pou kont ki sansib yo.

Reflechi ak kote ou ta vle itilize yon modpas ki jenere yon fason aleyatwa la a:

#### B.) Itilize fraz sekrè olye modpas

Olye ou itilize yon mo, chwazi yon fraz ki memorab. Apresa, kreye yon fraz sekrè lè w itilize premye lèt nan chak mo nan fraz la, ansanm ak senbòl ak chif, pou kreye modpas ou a. Ou kapab fè metòd sa a tou lè w melanje chif, senbòl ak yon òtograf ki inik pou yon fraz oswa yon sitasyon.

Men kèk egzanp ki soti nan [Cybernews.com](https://www.cybernews.com).

Egzanp Fraz: I first went to Disneyland when I was 4 years old and it made me happy  
(Mwen te ale Disneyland pou premye fwa lè mwen te gen 4 lane epi sa te fè kè m kontan)

Egzanp Modpas: I1stw2DLwIw4yrs&immh

# NYC Digital Safety

## Privacy & Security

---

Egzanp Fraz: “One for all and all for one” The Three Musketeers (Chak moun pou tout moun, tout moun pou chak moun Twa Mousketè yo):

Egzanp Modpas: 14A&A413Mu\$keteters!

Reflechi sou kote ou ta vle itilize yon mo sekrè ak ide pou fraz yo la a:

### C.) Melanje diksyonè a

Ou ka seleksyone tou kèk kantite mo konsa konsa ki soti nan diksyonè a epi melanje yo ansanm nan yon modpas sekirize, lè w itilize yon melanj lèt, chif ak senbòl. Yon bagay pou sonje la a se evite pou jis pran yon mo nan diksyonè a paske pirat yo ka devine yo byen fasil.

Reflechi ak kote ou ta vle itilize metòd diksyonè sa a la a:

## 4. Pwoteje Modpas Sa Yo

Reflechi sou lis ki annapre a epi diskite sou kote ou ta swete amelyore netwayaj modpas ou. Reflechi ansanm sou ide yo epi pataje eksperyans ou!

- Asire w chak kont gen yon modpas inik
- Konfigire otantifikasyon ki gen plizyè faktè a

# NYC Digital Safety

## Privacy & Security

---

- Itilize yon jesyonè modpas
- Fè atansyon ak kote ou enskri pou kont yo
- Diminye done w yo epi fè atansyon ak kisa ou rann disponib pou tout moun
- Fè atansyon ak eskwokri
- Chanje modpas ou souvan
- Verifye paramèt konfidansyalite w pou diferan kont yo

Ak ki lòt bagay ou ka panse?